КъБР-м, ди лъэпкъым я Іулыджыр зыІэта Мэз Каринэ

Нобэ Налшык къосыж Эверест и щыгум 2011 гъэм накъыгъэм и 20-м дэкІа адыгэ пщащэр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№105 (22.013)● 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 8, бэрэжьей ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум щыщ щІэншэу Май муниципальнэ районым и муниципальнэ мылькум хэгъэхьэнымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм арэзыныгъэ етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум щыщ щІэншэу Май муниципальнэ районым и муниципальнэ мылькум хэгъэхьэнымкІэ Іуэхукіэ» 2011 гъэм накъыгъэм и 13-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №125-ПП-м хэпльауэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум и объектэр муниципальнэ мылькум зэрыхагъэхьэ, муниципальнэ мылькум и объектэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум кьызэрыхагъэхьэ щыкІэм и Іуэхукіэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 6-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м и 10 статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал мылькум хибыдэу узынишагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплексыр, метр зэбгъуэнатІэ 1.868,5-рэ кьызэрыкІыр, зи баланс уасэр сом 7.354.2207,0-рэ хъур, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм, Майкъэ кьалэ, Лениным и уэрам, 22/1 хэщІапІэр зиІэр пщІэншэу Май муниципальнэ районым и муниципальнэ мылькум хигъэхьэнымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм арэзыныгъэ етын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ

2011 гъэм накъыгъэм и 26-м

№790-П-П

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи гугъу зэІущІэр иригъэкІащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и спикер Чеченов Ануар. А зэІущІэм кьырихьэлІащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и ящэ кьуэдзэ Кьуэшыкьуэ Залым.

ЗАКОНЫМ тетынымкІэ, хабзэр хьумэнымкІэ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщынымкІэ комитетым и унафэщі **Бэшоры Хьэмид** кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьырилъхьащ «Наркотикхэр, адрей щхьэхьхэр зэзыхьэлІэхэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ профилактикэ лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законыр, апхуэдэу КъБР-м Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэзыльхьэ законопроектхэр. Кьапщтэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм зэраныгъэ езытхэм, сабийм и хуитынигъэкІэ хьумэнымкІэ хабзэкэр зымыгъэзащІэхэм етхьэкъуну кьыхахьхьэ.

БюджетымкІэ, налогхэмрэ финансэмкІэ комитетым и унафэщі **Ахъуэжъу Кьанщобий** кьыхилъхьащ «2010 гъэм фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани кІэ Къэбэрдей-Балькъэр щыпнатъэ фондым и бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» законопроектыр, апхуэдэу «Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхэбзэкэр щыхухэм зэрыхуащІэр кьызэрызэрагъэпэщым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законыр гъэзэщІа хуэм папщІэ ягъажьэзыра республикэ законопроектыр.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

2011 гъэм и І мазищым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм накъыгъэм и 12-м №120-ПП

2011 гъэм и І мазищым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансэмкІэ и министр Бышэн А.А. кьыхилъхьа информацэм едэІуауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2011 гъэм и І мазищым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа отчетыр кьэщтэн икІи абы Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэзыщытэ-къэзыбж и палатэмрэ хэпльэн папщІэ яхуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

«2009 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм электроэнергетикэмрэ энергиер зэгъэзэхуэнымрэ зыщегъэжьыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм накъыгъэм и 18-м №135-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«2009 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм электроэнергетикэмрэ энергиер зэгъэзэхуэнымрэ зыщегъэжьыныр» республикэ программэ хэхам, 2009 гъэм щыщхьэІум и 17-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №233-ППмкІэ кьищтам, халъхь зэхъуэкІыныгъэхэу мы Унафэм и гуэдэным щыгъуэгъэ кьэщтэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Щыуэпсым зэранытъэ езытхэм етхьэкъунущ

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэ **Смирновэ Татьянэ** Президиумым и зэІущІэм кьыщыпсэльащ «2007 - 2011 гъэхэм зэрыгъэгаджэ тхьилъу лъэпкъхэм я бзэхэмкІэ кьыдагъэкІхэр кьэгъэщІэрэщІэжьыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэныныгъэхэр хэльхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектым теухуауэ. Ар ягъэхьэзыращ мы программэм ильэс кьэс тещІыкьауэ трагъэкІуэдэну ягъэуа ахъшэмрэ ипэжьыпІэкІэ нобэм ирихьэлІэу кьагъэсэбэмрэ зэхуагъэхъужьын мурадкІэ.

Зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыжа нэужь, ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа законопроектхэр КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхилъхьэнущ.

Президиумым и зэІущІэм хэтахэр апхуэдэу хэпльащ федеральнэ закон щхьэхуэхэр кьыдэгъэкІыным теухуауэ УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентар хэм кьыхахьхьа жэрдэмхэм.

Кьагъэ хьа тхыгъэхэм щыгъуэзэ зашІри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Федеральнэ казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщым и дэІэпыкьуэгъу АнищыкьуэИнгэ Юрий и пхъумрэ мы Іуэхущ Іапіэм и кьудамэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм и унафэщі Чимаев ТІэкьир Мусса и кьуэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Щыхь тхыль етыным теухуауэ.

ЗэІущІэм и КІуэхым Аграрнэ политикэмрэ щІы Іуэхуэхмкіэ комитетым и унафэщі **Лыхъугу Хьэжмурид** депутатхэр щыгъуаззэ ищІащ «2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар 2010 гъэм гъэзэщІа зэрыхъум и Іуэхукіэ» Правительствэм хуэхаха зэманым хилъыдэу Парламентым и Президиумыр зэдэІуам теухуауэ я кьащта унафэр зэрагъэзэщІамкІэ КъБР-м и Правительствэм кьыбгъэдэкІ информацэм.

Президиумым и зэІущІэм нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэмэ щыхэпльащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

Джомолунгмэ къызэджэ зэпытт

Сэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетыр диплом плъыжькІэ кьэзыхащ, экономикэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ сиІэщ. Москва аудитору сыщылэжьащ. Си ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъу льандэрэ альпинизмым сыдекьхьэх икІи абы и Іэмал псоми зэрызыхуэзгъэсэным ерыщу сыхуущІэкъуу сыкьекІуэкІащ. Альпинизмым и япэ нагъыщэр сиІэщ. Илъэси 10 хьауэ Іуащхьэмахуэ и бгыщхьэ гъэугуэлъагъуэу солажьэ, абы 100-м щІигъурэ сыдэкІуеящ.

Си адэ Мэз Юрэ и щІалэгъуэм бгы туризмымкІэ инструктору щытащ, вододзэ-кьегъэлакІуэщ.

Бгым лъэрыжьэкІэ кьыщызэхьхьыну сфІэфщ, ски-альпинизмым сыдекьэх. КъБР-м и МЧС-м и жылагъуэ кьегъэлакІуэ Іэщагъэр сиІэщ, 2008 гъэм Тянь-Шань и Іэгъуэблагъэм щыІэ, метр 7.010-рэ зи льагагъ Хан-Тенгри Іуащхьэм и щыгум сыдэкІауэ щытащ.

2010 гъэм и гъатхэпэм Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм альпинизмымкІэ и чемпионатым сыхэтащ кьыр (скальнэ) классым дыжьын медалыр кьыщыхуагъэфэщащ, накъыгъэм ски-альпинизмымкІэ зрегъэжьа зэхуэмыдэхэмкІэ зы дыщэ медалрэ дыжьын медалищрэ кьыщыхьащ, ски-альпинизмымкІэ Іуащхьэмахуэ и кубокыр кьыхуагъэфэщащ. Илъэси 6-кІэ зызгъэхьэзыращ Эверест и щыгум сыдэкІыну, иджы кьыззэхьулІащ!

Сызыхэта экспедицэм текІуэдэну мылькумкІэ зыкьыщІагъэкъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, «Алика-К», «АГС» фирмэхэм, «Борэн-текстиль» фабрикэм. А Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэм фЫщІэ ин яхуэощІ си кьарурмрэ тегушхуэныгъэмрэ дзыхь кьыхуащІу кьыззэрыздэІэпыкьуам папщІэ.

* * *

Дунейм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Джомолунгмэ (метр 8.848-рэ) и щыгум адыгэ ныпыр щыхэзыІа, Кавказ Ищхьэрэм и бзыльхугъэхэм ящыщу ящэ дыдэу Эверестым дэкІа, ди лъэпкъым, КъБР-м я Іулыджыр ину зыІэта Мэз Каринэ нобэ Налшык Абхъазым и утым сыхьэт 15-м кьыщрагъэблэгъэж.

●Альпинистым и псалъэ

Мы гъэм ятыпхъэ ухуэныгъэхэр

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Правительствэм и Унафэщі КІумпІыл Мурат зригъэлъэгъуащ республикэ стадиокыр зэрызэрагъэпэщыр, псы есыпІэр зэрахуэр.*

КЪЭПЩІЭНЫГЪЭ нэужьым КІумпІылым иригъэкІуэкІаща а лэжьыгъэхэр зэфІэзэгъэжІ Іуэхущ Іапіэхэм, ухуэныгъэмрэ спортымрэ ятеухуа Іуэхугъуэхэр зи нэІэм щІэт министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ икІи ягъэзащІэхэм, ныкъусаныгъэхэм гу лъаригъэтащ.

Стадионым ехьэлІауэ зэфІагъэкІа ухуэныгъэхэм сом мелуани 160-рэ трагъэкІуэдащ. Ар и кІэм нагъэсын папщІэ иджыри сом мелуан 570-рэ хухахынущ.

Хлопонин Александр ГЭС-м щыІащ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭДЖЭС. *Инкьиджьых уэ ГЭС-м кІуащ УФ-м и Президентым и полномочиэ дІыкІуэу КИФШІ-м щыІэ Хлопонин Александрэ республикэм и Іэташхьэ Іемрезов Рашидрэ, «РусГидро» ОАО-м и кьуадзэу КъШР-м щыІэм и унафэщі Саратин Григор хьэщІэхэр щыгъуаззэ пщІащ гидроэлектростанциир зэрыльажьэм.*

АБЫ КЪЫЗЭРЫХИГЪЭЩІАМКІЭ, иджыкІэ лажьэ ГЭС-р я лэжьакІуэ Инжджьых уэ ГЭС-ГАЭС-р ухуэным Къэрэшей-Щэрджэсым и жылагъуэхэр, Іуэхущ Іапіэхэр электрокьарухэ кьызэгъэпэщыныр иригъэфІэкІуэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хьэрычэтыщ Іэхэм папщІэ

Хабзэ зэрыхьуам тету, Урысейм и ХьумапІэ банкым гульитэ хэха хуещІ ди экономикэм зегъэужьыныкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ хьэрычэт ІэнатІэм.

БАНКЫМ зэпымыуэ ирегъэфІакІуэ хьэрычэтыщІэхэм щІыхуэхэр зэрарит щІыкІэр.

Илъэс ныкъуэ ящэкІэ щІадзауэ ят «Дзыхь» кредит лІэужьыгъэщІэр. Хьэрычэт Іуэху мыин зезыхьэхэм сакьылэтыпІэу ищІыкІэм теухуауэ щэсыпІэ имыувэу сом І мелуаным нэс кьыІах. Иджы а кредит лІэужьыгъэмкІэ ятыр сом мелуани 2-м нагъэсынущ икІи а ахъшэр зыхухахым нэхъ кьызэриштэм хуэдэу (Іэрымыльхьэу е Іэрыльхьэу) иратынущ. Апхуэдэу мы щІыхуэр нэхъ пасэу япшыныжьну хуит ящ икІи абы папщІэ лейуэ проценткІэ зыри щхьэщатыкІынукьым.

БАГЪЭТЫР Анзор,

УФ-м и ХьумапІэ банкым и Іуэхущ Іапіэу КъБР-м щыІэм и пресс-центр.

● Гъэмахуэ-2011

ЦІыкІуэхэм загъэпсэху

Дзэлыкъуэ районым ит курыт еджапІэхэм махуэрылажьэ лагерь 23-рэ кьыщызэІуахащ. 2011 гъэм и гъэмахуэм абыхэм зыщагъэпсэхунущ ныбжьыщІэ 800-м щІигъум.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКІЭ Дзэлыкъуэ районым и Іуэхущ Іапіэм къызэрыщыжаІамкІэ, мы гъэм зи адэ-анэр мылажьэ сабийхэмэ загъэпсэхунущ икІи я узынщагъэм кІэльагъэпльнущ, апхуэдэуи лагерым екІуэлІэнущ бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм кьахэкІа школакІуэхэмрэ зеиншэхэмрэ.

Школым кьыщызэрагъэпэща лагерхэр зыкІи кьакІэрыхуркъым адрей зыгъэпсэхупІэхэм. Вожатэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ я гъуэсу ныбжьыщІэхэр турист «зекІуэ», зыпльыхьакІуэ кІуэнущ, спорт зэхьэзэхуэхэмрэ творческэ зэпеуэхэмрэ хэтынущ.

Лагерым щыІэ ныбжьыщІэхэр я нэІэ щІэтынущ гъэсакІуэхэм, физкультурэмкІэ егъэджакІуэхэм, макъамэ школхэм я лэжьакІуэхэм.

ПЩЫУНЭ Эммэ,

Дзэлыкъуэ куей администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

●Бахъсэн куей

Жылагъуэ совет къыщыззрагъэпэщ

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ район зэхуакуІуэхущ Іапіэу Бахъсэн щыІэм къыщыззрагъэпэща жылагъуэ советым хагъэхьащ кьалэм, куейм нэхъ пщІэшхуэ щызыІэ, щІэныгъэ зыбгъэдэль щыхуэхэр.

МЫ ЖЫЛАГЪУЭ зэгухьэныгъэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу хабзэхьэмэ органхэмрэ щыхубэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр зэрарит щІыкІэр.

ЖЫЛАГЪУЭ СОВЕТЫМ и Унафэщі Чэрэдыкьо Аслан Къазбэч и ныбжьыр илъэс 18 зэририкъу льандэрэ альпинизмым сыдекьхьэх икІи абы и Іэмал псоми зэрызыхуэзгъэсэным ерыщу сыхуущІэкъуу сыкьекІуэкІащ. Альпинизмым и япэ нагъыщэр сиІэщ. Илъэси 10 хьауэ Іуащхьэмахуэ и бгыщхьэ гъэугуэлъагъуэу солажьэ, абы 100-м щІигъурэ сыдэкІуеящ.

Си адэ Мэз Юрэ и щІалэгъуэм бгы туризмымкІэ инструктору щытащ, вододзэ-кьегъэлакІуэщ.

Бгым лъэрыжьэкІэ кьыщызэхьхьыну сфІэфщ, ски-альпинизмым сыдекьхьэх. КъБР-м и МЧС-м и жылагъуэ кьегъэлакІуэ Іэщагъэр сиІэщ, 2008 гъэм Тянь-Шань и Іэгъуэблагъэм щыІэ, метр 7.010-рэ зи льагагъ Хан-Тенгри Іуащхьэм и щыгум сыдэкІауэ щытащ.

2010 гъэм и гъатхэпэм Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм альпинизмымкІэ и чемпионатым сыхэтащ кьыр (скальнэ) классым дыжьын медалыр кьыщыхьащ, накъыгъэм ски-альпинизмымкІэ зрегъэжьа зэхуэмыдэхэмкІэ зы дыщэ медалрэ дыжьын медалищрэ кьыщыхьащ, ски-альпинизмымкІэ Іуащхьэмахуэ и кубокыр кьыхуагъэфэщащ. Илъэси 6-кІэ зызгъэхьэзыращ Эверест и щыгум сыдэкІыну, иджы кьыззхьулІащ!

Сызыхэта экспедицэм текІуэдэну мылькумкІэ зыкьыщІагъэкъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм, «Алика-К», «АГС» фирмэхэм, «Борэн-текстиль» фабрикэм. А Іуэхущ Іапіэхэм я унафэщІхэм фЫщІэ ин яхуэощІ си кьарурмрэ тегушхуэныгъэмрэ дзыхь кьыхуащІу кьыззэрыздэІэпыкьуам папщІэ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириндж,

Прохладнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

●Прохладнэ къалэ

Къуажэ уэрамхэр зэрагъэпэщыж

Дызэрыт илъэсым Прохладнэ муниципальнэ районым и жылагъуэхэм я уэрамхэр зэгъэпэщыжьным трагъкІуэдэн папщІэ республикэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуани 3-рэ мини 100-рэ къаІэрыхьэнущ.

А АХЪШЭМ и проценти 10-м хуэдизэ езы щІыпІэ бюджетым къыхэкІынущ. Апхуэдизэ ахъшэм и хьэжкІэ Алтытэ кьуажэм Къэжэрыт и цІэр зезыхьэ уэрамым щыщу километр 1,2-м, Учебнэ кьуажэм и зы уэрамым щыщу метр 400-м асфальт тралъхьэнущ.

«2002 - 2012 гъэхэм кьуажэм зегъэужьыныр» Федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу нэгъабэ районым и кьуажэхэм я уэрамхэм ящыщу зы километррэ ныкъым щІигъум асфальт тралъхьауэ щытащ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириндж,

Прохладнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэнлейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущ Іапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

АЭС-хэр игъэлэжьэнукъым

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэм щыІэныгъэмкІэ, взэсмахуэ ФРГ-м и правительствэм щекІуэкІа зэІущІэм унафэ къыщащтащ атом кьарур къэгъэсэбэныныр хуэмурэ щыгъэтыным теухуа унафэр.

Апхуэдэ унафэр кьэщтэным щІэзэуснгъэу хуэхъуащ Японием и ядернэ реакторхэр щІыхьэм и зэранкІэ зэрыкъутар. АЭС 17 зыгъэлажьэ ФРГ-р а Іуэхугъуэм апхуэдизкІэ кьиГъэгузэващи, 2022 гъэ пщІондэ и атом электростанц псори зэтриГъэувыІэнущ. Уеблэмэ 17-м щыщу 8-р нобэ Іэмалэжьыркъым. Ахэр 1980 гъэм и пэкІэ зэрауухуам, я технологиекІэ зэрыГІорыкъм кьыхэкІыу, икІи щыІэнкІэ зэтрагъэувыІащ.

А зэІущІэ дыдэм ФРГ-м и правительствэм кьыщищтащ жьапщэмрэ дыгъэмрэ кьагъэсэбэпынрэ кьалэжь электрокьарум кьэрал псор хуэзышэн хуей программэ щхьэхуэ. КьищынэмыщІауэ, фІамыщІкІэ, газкІэ лажьэ ТЭЦ-хэри яухуэнущ.

ПРО-м и япэ лъэбакъуэр

«Романия Либера» газетым къытехуа тхыгъэр и тегъэщІапІэу. ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іэнатіэм кьыззэритымкІэ. США-м и ВМС-хэм я ракетзэхьэ кхъухьыр щызэтеувыІащ Румыниеи и Констанцие кхъухь тедзапІэм. Ар Вашингтон ПРО системэр Европэм и щыналъэм щигъэувыным хуэунэтІа япэ лъэбакъуэу ираш.

«Монтерея» ракетзэхьэ кхъухьыр гъатхэпэм и япэ мазэуэсэм кьыщежьат США-м и Вирджиние штатым щыІэ Норфолк базэм. Румынием кьызэдэкІуэм, ар кьыщыувыІащ НАТО-м хьыхь къэрал зыбжанэм. ПРО системэм хьыхь кхъухьхэм ящыщу ар япэщи, абы кьызэригъэпэщ хэкІыпІэхэр, Іэмалхэр адрей кхъухьхэми къагъэсэбэпынущ.

Румыниием и президент Басеску Траян зэрыжиІамкІэ, ПРО-м пыщІауэ США-м иращыІа зэгурыІуэныгъэхэм я пкъ иткІэ, Вашингтон и зауэлІу я щІыналъэм щыІэнущ 200 хуэдиз, Іэмалынщэ хьумэ, а бжьыгъэ 500-м нагъэсынущ.

Урысейм и гуапэкъым США-мрэ Румыниемрэ ялэжьхэр. А Іуэхуэхэр зэраубзыхуам хуэдэу 2015 гъэ пщІондэ екІуэкІмэ, ПРО-р Урысейм и дежкІэ шынагъуэу кьэпльытэн ягъэ яухуащ. А щыкІэм кьригъэгъэзэжьыфынущ къэралитІым - Урысеймрэ США-мрэ - зэпеуэрэ Іэщэкіэ зыщагъэзэду щыта зэманым.

Австриеи иухуэнущ

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэм дыгъуасэ кьызэритамкІэ, зи бгыльэлыжэ, туризм Іэнатіэхэм я зэфІэкІымкІэ дунеи псом щІэныгъэ кьыхьуа Австриер хьыхьщ Кавказ Ищхьэрэм и турист Іэнатіэми зегъэужьыным хуэунэтІа проектыр зыгъэзэщІэнуэхэм.

Егъэльэ-лыжэ курортхэм я проектхэр щІыным, ахэр ухуэным Австриеи и Іуэхущ Іапіэ нэхъыфІэхэр Кавказ Ищхьэрэм щелэжьыным теухуа зэгурыІуэныгъэр Венэ щызэращІыпІащ а Іуэхущ Іапіэхэмрэ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» къэрал компаниемрэ. А зэгурыІуэныгъэм къызэщІеубыдэ проектышхуэу тху. Ахэр щалэжьынущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хьыхь республикэхэм, Адыгеим, Краснодар щІыналъэм, Каспий тенджызыІ Іуфэм, Кавминводы щІыналъэм. Проектхэм ятекІуэдэну ахъшэр, Австриеи къищынэмыщІа, къауТІыпІащынущ Европэм и финанс Іуэхущ Іапіэ лъэрызехьэхэми.

НФБЭ

- **Хьышхуэхэм я дунейпсо махуэщ**
- **Социальнэ лэжьакІуэм и махуэщ**
- Карелие Республикэм и махуэщ.
- 1946 гъэм журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр кьызэрагъэпэщащ.
- Макъуауэгъэуэм и 8 - 9-хэм Венэ (Австриеи) щызэхэтынущ Европэмрэ Азие Курытымрэ я дунейпсо экономикэ форум.
- Венэ (Австриеи) щекІуэкІынущ щыдагъэ зыщэ кьэралхэм я зэгуэзэныгъэм (ОПЕК) и 159-нэ сессиер.
- 1661 гъэм Идар Темркьуэ и кьуэрылъху Черкасский Муцал дунейм ехьжащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ пшэр техьэ-текІыу щытынущ, хуабэу махуэм градус 25-рэ, жэщым - градус 17 щыІэнущ.

ПІланэрэ зыгъэхьазырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Пэжьыр зыфІэкІуэдым и гъащІэм куэд хеуд.

Бер Мухьэдин

Мэремщауэ ФатIимэ

Зеленская Еленэ

Къалэ сабий поликлиникэ №1-р къыхэрыхэзыгъэ ильэс 40 зэрырикъур Iэтауэ ягъэлъэпIащ мы махуэхэм. ГуфIэгъэ зэхьхьэм хэтащ къулыкъущIэхэр, республикэм узыншагъэр хьуэзн и IэнатIэм ильэс зэхуэмыдэхэм зи гуащIэ хэзылъхьа нэхьыжьыфIхэр, медицинэ Iуэхущапсихэм я унафэщIхэр.

ПОЛИКЛИНИКЭМ и блэкIам уриплъэжмэ, бжьыгъэ купщIафIэ къыхэкIыжащ, екъулIэныгъэ куэди зыIэригъэхьащ. Абы и щыхьэтщ ар нобэ езым хуэдэ Iуэхущапсихэ куэдым щапхъэ зэрахуэхьур, дохутыр ныбжьыщIэхэм я Iэщагъэм мыбдеж зэрыщIэхагъахьуэр, щIэныгъэ конференцхэр зэрышрагъэкIуэжкIыр. Мы зэманым поликлиникэм щылажьхэм я нэIэ щIэтщ сабий мин 29-м нэблагъэ, абы иIэщ педиатриемкIэ, узыифэ щхьэхуэхэмкIэ, щколакIуэхэм, апхуэдэ ныбжьым нэмыса цIыкIуэхэм щакIэлъыплъ кьудамэу щырыщ, гъэшым кьыхэщIыкIа ерыскьыхэр щагъэхьеящи Iэнатlэ.

Пшыхьыр дахэу, щIэщыгъуэу ирагъэкIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и лэжьакIуэхэу Жэрыщты Залинэрэ Щоджэн Муратрэ.

Iэпэу утыкур хуит зыкуащIа РСФСР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я дохутыр, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру илъэс куэдкIэ лэжьа Бер Мухьэдин и фIыгъэ куэд хэльщ зи ильэс 40-р зыгъэльапIэ поликлиникэм и зэфIэувэныгъэм.

- 70 гъэхэм я пэщIэдзэр ди нэгу кьыщIэдгъэхьэжмэ, республикэм и медицинэ IэнатIэм и Iуэхуэхэр хэпльэгъуэ, - жиIащ **Бер Мухьэдин.** - Дунейм ехьж сабийхэм я бжыгъэм хэхьуэрт, педиатрие Iуэхущапсихэ щхьэхуэ дыдэрим-мыIэм куэд кьиIальхэрт. Апхуэдэу ильэс 40 и пэкIэ кьэунэхуауэ щытащ япэ сабий поликлиникэр. Адэжь ар тепсэльыхьащ япэ ильэс-хэм я лэжьыгъэм зэрыпэльэщам, зи унафэщIу щытта гупыр хьэлэту я IэнатIэм зэрыпэрытам кьыпэкIуэу яIа екъулIэныгъэхэм, иджыпстуй поликлиникэм и Iуэхур зэрефIакIуэм.

- Сымаджэм и узыр щхьэщыпхьащIу цIыкIу зыхуэхэсу Тхьэр зэрахъэупса зэчийщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым лэжьыгъэмкIэ, социальнэ зыужьныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим.** - Фэ фызэIэзэр сабийхэращи, жэуапльныгъэр нэхъ инщ. Дэтхэнэ зи цIыхуми нэхъ льапIэ дыдэу иIэр и бынхэращ. Узым кьыхичъэзэыхь сабийр фи деж кьэзыхьа адэ-анэр фэ куэдкIэ кьыфщогуть. А цIыкIум феIэзэкIэрэ, ар кьыIэфIэвгъэувэжкIэрэ, фэ зэуэ цIыху зыбжанэм - сабийм, адэ-анэм, абы и узынщагъэм иригузавэ адрей и Iыхьлыхэм - тыншыгъуэ ивотык. Фи кьалэныр гугъущ, зэфIэфх лэжьыгъэм ельытауи кьэралым кьыфхуищ пщIэр мащIэщ. Иджыпсту медицинэ IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр кьэпльыгъэмэ, дызэлэжь программэхэр пхыкIмэ, шэч хэмылъу, Iуэхур нэхъ ефIэкIуэнущ. А псоми емылытауэ фи кьалэнхэр дагъуэншэу зэрефхьэкIым папщIэ дэ фIыщIэ фхудощI.

Адэкъ Жанатаевым жиIащ КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхьилъхэр кьалэ сабий поликлиникэ №1-м и лэжьакIуэ зыбжанэм зэрыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Президентым и чэнджэ зихэр. **Уянаевэ Аминат** кьыхигъэщащ поликлиникэм и лэжьакIуэхэр я IэнатIэм хьарзынэу зэрехьулIэр, абыхэм яхуэгъэза щытхъу псальэ куэд адэ-анэхэм кьабгъэдэкIыу зэрызэхихар. «Инфэщ1ми лэжьакIуэхэми зым адрейм дзыхь хуищIу, яхь жэуапльныгъэр зыхуэдэр нэгъэсауэ зыхащIу я кьалэныр пэрытщи, я IэщIагъэм и хьер ятьльэну сохьуэхьу», - жиIащ Уянаевэм.

- ЛэжьакIуэхэр Iэщ1агъэлI нэсу, гупагъ1ышх уэ ях эльу, дэтхэнэ сымаджэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуагъэтыфу зэрыщытым поликлиникэм и цIэр фIыкIэ игъэIуащ, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къудэзэ **Гаевэ Алёнэ.** - Шэх хэмылъу, Тхьэм къиГъэщIахэм ящыщу нэхьыфI дыдэу дунейм тетыр сабийхэрэщи, нэхь льапIэ дыдэу Тхьэр цIыхум зэрыхуэупсар узыншагъэр. Абы кьыхэкIыуи педиатрхэм яхь жэуапльныгъэр инщ. Балигъ гъащIэм хьэхэхуэкIэ сабийхэр зи нэIэм щIэт докутырхэм я кьалэныр тыншкъым - жэщ-маХуэ ямыIэу абыхэм я узынщагъэм и пльыру щытын хуейщ ахэр. Узым кьигъэдэхьа сабийм и нэгум дэрэжьэгъуэ ирильэгъуэныр, ар кьыхуэгуфIэжныр дэтхэнэ дохутырым дежкIи фIыщIэ льапIэщ. Апхуэдэ фIыщIэхэр фэ фи мащIэкъым, фи лэжьыгъэм нэхьыфIу, хэфльагъуэри араш. Зэгуэр кьыхэфха Iэщагъэм фыхуэпэжу фи фIыщIэхэм фыIэрыфIыщ, адэкIи фефIэкIуэну си гуапэщ.

А махуэм Гаевэ Алёнэ поликлиникэм и лэжьакIуэ зыбжанэм яритыжащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и щIыхь тхьилъхэр.

ЗэIущIэм ягу кьыщагъэкIыжащ пщIэрэ щIыхьрэ яIэу ильэс куэдкIэ поликлиникэм щылажьа, абы и зэфIэувэныгъэм хэльхьэныгъэ, хуэзэныгъэ нэхьыжьыфIхэр. Апхуэдизэу кьэпсэльахэм кьыхагъэщащ нобэ поликлиникэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтеублауэ зэрекIуэкIыр, яIэ ехьулIэныгъэхэр куэдкIэ зи фIыщIэр иужьрей ильэс-хэм абы и унафэщIу лажьэ Мэремщауэ ФатIимэ зэрыщытыр. «Ди лэжьакIуэхэм я щIэныгъэри я Iэзэгъэри зыхуэгъэпсар сабийхэм я узыншагъэр ерьэфIэкIуэныщ, - жиIащ Мэремщауэм. - Сабийхэр узынщэу щытыныр дунеишхуэм щIипсэу дэтхэнэ зыми и хьуэпсапIэщ. А хьуэпсапIэ иныр нахуапIэ щIыным дыхуэпдэжьэныр ди деж1кIэ ехьулIэныгъэшхуэу кьыдольытэ. Сабийм и гуфIэ макъыр зэхэпхыным нэхъ саугъэт льапIэ щылэкъым, ар насыпышхуэщ».

Къалэ поликлиникэ №1-м и гуфIэгъуэ зэхъхьэм хэтаХэу Iэмал зимыIэ медицинэ страховани эмкIэ щIыналъхъэ фондым и унафэщI **Къанокъуэ Асльэнбэч,** Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и къудэзэ **Кучуковэ Мадинэ,** Налшык къалэ щIипIэ самоуправленэм и депутат **Къурш Валерэ**, медицинэ лэжьакIуэхэм я профессионалыгъэ и рескомым и унафэщI **Яськовэ Ольгэ**, КъБКъУ-м педиатриемкIэ и кафедрэм и унафэщI **Жэтыщ Рашид,** медицинэ страховани эмкIэ «Капиталъ» ЗАО-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Дол Маринэ** сыми псальэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ зи махуэшхуэр зыгъэльапIэхэм...

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБКъУ-м уэрэдымкIэ и театр «Амикс» гупым, Налшык къалэ дэт курыт школ №7-м и еджакIуэ цIыкIу-хэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Пшыхьхэр

ФIыщIэрэ щытхъурэ

мэму къызэгъэпэщатэкъым, сабий дохутыру щыIэр закъуэтIакъуэхэт. Дэтхэнэ щIэдзапIэрэ тынш-къым, ауэ нобэ дызыхуэкIуам къегъэльагъуэ кьыхэтха гъуэгуанэр пэжу зэрыщытар. Иджыпсту республикэм щофIакIуэ сабий медицинэр, абыхэм яхуэгъэза программэ щхьэхуэхэр мэлажьэ. Къэрал унафэщIэхэм нэсу кьагуроIуэ щIэблэ узыншэ зиIэм къэкIуэну дахэ кьызэрыпэпльэр. Сохьуэжьу щыкIуэхэм я узыншагъэм и хьумакIуэ дохутырхэм ехьулIэныгъэ, насып, дэрэжэгъуэ яIэу псэуну, я гъащIэр зыхуагъэпса Iэщагъэм и хуэр яльагъуну.

ЗэIущIэ гуапэм кьрихьэлIащ поликлиникэм и япэ дохутыр нэхъыщхьэу щыта, КъБАССР-м щыхь зиIэ и дохутыр **Зеленская Еленэ.** Абы кьыщэхуэсахэм ягу кьитгъэкIыжащ поликлиникэр кьызэIухыным зи гуащIэ хэзылъхьа республикэ унафэщIэхэр. Адэжь ар тепсэльыхьащ япэ ильэс-хэм я лэжьыгъэм зэрыпэльэщам, зи унафэщIу щыта гупыр хьэлэту я IэнатIэм зэрыпэрытам кьыпэкIуэу яIа екъулIэныгъэхэм, иджыпстуй поликлиникэм и Iуэхур зэрефIакIуэм.

- Сымаджэм и узыр щхьэщыпхьащIу цIыкIу зыхуэхэсу Тхьэр зэрахъэупса зэчийщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым лэжьыгъэмкIэ, социальнэ зыужьныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим.** - Фэ фызэIэзэр сабийхэращи, жэуапльныгъэр нэхъ инщ. Дэтхэнэ зи цIыхуми нэхъ льапIэ дыдэу иIэр и бынхэращ. Узым кьыхичъэзэыхь сабийр фи деж кьэзыхьа адэ-анэр фэ куэдкIэ кьыфщогуть. А цIыкIум феIэзэкIэрэ, ар кьыIэфIэвгъэувэжкIэрэ, фэ зэуэ цIыху зыбжанэм - сабийм, адэ-анэм, абы и узынщагъэм иригузавэ адрей и Iыхьлыхэм - тыншыгъуэ ивотык. Фи кьалэныр гугъущ, зэфIэфх лэжьыгъэм ельытауи кьэралым кьыфхуищ пщIэр мащIэщ. Иджыпсту медицинэ IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр кьэпльыгъэмэ, дызэлэжь программэхэр пхыкIмэ, шэч хэмылъу, Iуэхур нэхъ ефIэкIуэнущ. А псоми емылытауэ фи кьалэнхэр дагъуэншэу зэрефхьэкIым папщIэ дэ фIыщIэ фхудощI.

Адэкъ Жанатаевым жиIащ КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхьилъхэр кьалэ сабий поликлиникэ №1-м и гуфIэгъуэ зэхъхьэм хэтаХэу Iэмал зимыIэ медицинэ страховани эмкIэ щIыналъхъэ фондым и унафэщI **Къанокъуэ Асльэнбэч,** Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Кучуковэ Мадинэ,** Налшык къалэ щIипIэ самоуправленэм и депутат **Къурш Валерэ**, медицинэ лэжьакIуэхэм я профессионалыгъэ и рескомым и унафэщI **Яськовэ Ольгэ**, КъБКъУ-м педиатриемкIэ и кафедрэм и унафэщI **Жэтыщ Рашид,** медицинэ страховани эмкIэ «Капиталъ» ЗАО-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Дол Маринэ** сыми псальэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ зи махуэшхуэр зыгъэльапIэхэм...

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБКъУ-м уэрэдымкIэ и театр «Амикс» гупым, Налшык къалэ дэт курыт школ №7-м и еджакIуэ цIыкIу-хэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Кавказ Ищхъэрэм и хабзэхъумэхэм япэщIэува щIэпхъаджащIэхэм ильэс кьэс щэ бжыгъэкIэ яхощI. Кьуаф1э е нубдауэ. Ик1и. Iэщ1агъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, а благъуэм и щхьэ паупщIам щIэ къиувэжми, а къиувжахэм я зэфIэкIыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ.

ПСОМИ зэхахащ террорист унафэщIхэу Астемыр Анзор (Къэбэрдей-Балъкъэр), Бурятский Саид (Ингушь), Вагабов Магомедалий, Валиджанов Исрапил (Дагъыстан) я цIэхэр. Ахэр псори 2010 - 2011 гъэхэм ящыIащ. А хьэщхьэрыIуэхэм ящыщ дэтхэнэми бзаджэнаджагъэ куэд иIэжьат, пльы уэру игъэжат. Ящуафащэр кьащыщIащ. Ауэ абыхэм я гугъу щытщIкIэ, дэ къэдгъэльэгъуэн хуейщ абыхэм зэфIэкIышхуэ зэрабгъэдэльар. Езыхэм кьыхахуэ гъуэгум фIэкIа зыри мытэмэму, дунейм щыIэкIуэ хабзэхэр икIагъэ зэпыльпу жаIуэрэ, абыхэм зи зэфIэмыувэ ныбжьыщIэхэр кьыдахьхырт, ущинимыкIэ кьаруушуэ яIэт.

Хэт атIэ а дыгъужь хьэщхьэрыIуэхэм я пIэ иувар? «Джихьэдым» нобэ и унафэщIэхэр хьэпшыру кьэплъытэ хъунущ, абыхэм ебгъабщэмэ. Язныкъуэхэм я ныбжьыр ильэс 20 ирикъуа кьудейщ, адрейхэм кьаэмыщу кьэтэджащ. Ауэ мэзым зэрыщIыхьэу «Кавказ имарат» бандит гупым щIыхьышхуэ кьащIылъсащ, дэтхэнэри кьалэм, куейм, хэбгъэзыкIэ, республикэ псом я тепщэ нэпцI хъуащ. Абы и щхьэр ильэу нэззэнкъуэ апхуэдизу льагэу яIэта щIалэжь цIыкIум?

ЩIэнэ хъэунэхуэ унафэщIхэр апхуэдизкIэ акъылыпIэщIэ, уеблэмэ гу лъэтэркъым зэфIэкIыныгъэ зыбгъэдэлъхэм езыхэр зыхуэйхэмкIэ кьагъэсэбэп кьаруя зэрыIащ. Кьыщхуэмеижьым и дежи щысхь гуэри хэмылъу лъэныкъуэ ирагъэзыфыныщ.

ЩIэпхъаджащIэ гупым и Iэтащхэ-хэм нэхъыщIэхэм жраIэ ахэр Алыхьым я зауэлIу, я фIэщ щIа кьапщIэтхэм щыщ зэраукIыу фIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэу 72-рэ я кьащыпэплъэ жэнэтым кIуэну. Ауэ мэзым щIэс а Iэтащхьэхэр псэуну хуейщ, абыхэм я гъащIэр яхъэжьыныкъым сыт хуэдэ жэнэткIи. Зыкъэрагъэлын папщIэ ахэр зыкIи ящысхьыныкъым дыгъуасэ я кьуэшу, ныбжьэгъуф, я акъылэгъуэ жьыуаIэу щытахэм.

Хабзэхъумэхэм яIэрыльхэмэ, дыгъуасэ асльэну зыкъэзылъытэжу щытахэр хьэIуцыдз кьызэрыгуэкI мэхьуж.

Яубыда щIэпхъаджащIэхэм я фIыгъэкIэ Кавказым льэныкъуэ щрагъэзащ Iэтащхэу зызыгъэIуа куэд. Псальэм и хьэтыркIэ, 2011 гъэм мазаем и 21-м Магас и райсуд.ым Назран щыщ щIэпхъаджащIэ гупым и унафэщI Елхороев Тимур тезыгру трилъхьащ илъэси 4-кIэ лъэхъэщым ирыну. Ар кьгъэкъуэшащ гуп зэущIэзэрIуэу Iэщ1экIэ зэрызэщIиуэздамкIэ. Абы кьыдэкIуэу белджылы хуэащ ар зи Iэтащхэ гупыр Магас (Тазиев Алий хьужым) и унафэм зэрыщIэтар.

Яныныкъуэ газетджэхэр щIэупщIэнщ: щхьэ апхуэдизу щабэ тезырыр? Абы нэхъ ткIийуэ бгъэдыхьэн хуеякъэ? Жэуапыр кьызэрыгуэкIщ: Елхороевым зиумысыжащ зэрыкъуаншэмкIэ икIи жиIащ ищIам зэрыхущIегъуэжар. Аращ абы и Iуэхум щабэу щIыбгъэдыхьар. Нэгъэущу жыпIэмэ, тезырыр нэхъ щабэ ищIын папщIэ, Елхороевым и ныбжьэгъуэхэр ищащ, ипIэкIэ ешэри ящауэ зэрыщытам хуэдэ дыдэу.

Къыхэдгъэщынщи, Елхороевым къарузехьэхэм езытар нэгъэущI «моджахедщ» - и Iуэхур зэхэзыгъэкIам ядэпэжьа Агиев Идрисщ. Абы щыгъуэмми, Агиевым хабзэхъумэхэм зэражриIамкIэ, езым и унафэщI Елхороевым тхьэльанэ ищIат ФСБ-м ядэлажьэ кьахэкIмэ, абыхэм я Iыхьлыхэр иукIыну.

КьыззэрыщIэкIымкIэ, кьызэрыгуэкIхэр епщIыжьмэ, езыхэм я мызакъуэу, я Iыхьлыхэри яукIынущ, щIэпхъаджащIэхэм я унафэщIхэм жэуап гуэри яхьыркъым.

Ар кьрибгъэльагъуэ хъунущ ингуш щIэпхъаджащIэхэм я унафэщIу щыта Тазиев Алии (Магас щIэ лейр зезыхьам) и щапхъэмкIэ. Ар яубыдащ 2010 гъэм и мэкъуаягъэм. Хуиту щыщытам щIэпхъаджагъэ зэмылIужьыгъуэхэр кьызэзыгъэпэщу щыта а хьэщхьэрыIуэм щIэуэ кьахьыхьахэр хуиущийрт цIыхухэр зытет хабзэхэм текIуэ езым яхилъхьэ фIэщхьэныгъэм тещIыхьауэ псэунэу, Арщхьэкъэ лъэхъуэщIым кьызэрыщIэхутэу, зыкъригъэлын мурадкIэ, и ныбжьэгъуэхэр ищэу хуежьащ. ЖьыпIэнуи кьемызэгъэ хуэдэщ, ауэ хьэщхьэрыIуэ Магас и фIыгъэщ иужь зэманым Ингушым щIэуэ зэрыщыщIэри.

Псальэм и хьэтыркIэ, Тазиевырщ хабзэхъумэхэр «ингушь жэмыхьэтым» и Iэтащхьэхэм ящыщ Хамхоев Башир и льэужь тезыгъэхьар. Иужьрейрт езым и гупыр ди къэралым и террорист нэхъыщхьэ Умаров Доку пIыщIэри.

Гъатхэпэм и кIэм Тазиевым и бзэкIэ къарузехьэхэм Сунжэ куейм щыщ Алкун къуажэм километр 25-кIэ пэгъунэгъуэ «моджахедхэм» щIа ХэщIапIэщхуэр зэхакъутащ. Кьхъхьлъатэхэр ящхьэщыхьэри, абы щыгъуэм 17 нуклащ, Умаровым и доухур икIи и ныбжьэгъу дыдэ, Доку и пIуэсу илъэси 10-кIэ мэзым щIэса Абдуллаев Супьяни яхэту. Езы Умаровыр тельыджэу бомбэхэм кьелащ.

Алкун Ипщэ и гъунэгъуу екIуэкIа Iуэхум и гугъу щащIым, ильэм сайтэхэр хущIэкъуащ абы и мыкъэнэр ягъэльэхъшэну. Япэрауэ, жаIэрт хэщIапIэр щIыкIуу, гупым хьыкъагъащIэхэр щагъэсэн фIэкIа нэгъуэщI мурадкIэ кьагъэсэбэпу щымытауэ. «Амир Магас» хейуэ кьыщIрагъэдзын папщIэ, ягъэIурт хэщIапIэр щахуэр Тазиевым зэрауфыдрэ мазибл дэжIа иужькIуэ.

АрщхьэкIэ тIасхъэщIэх хьыбархэм кьагъэльагъуэр нэгъэущI. Авиацэм щым щыщ щыщхэ хэщIапIэм щагъасэрт езыхэр хэкIуадэу лагъымкэр щыпIэхэм кьыщыщIэуэнухэр «Риядус – Салихийн» гупым щыщхэр. Ахэр зэрыэтрачIам и фIыгъэкIэ щIыху мамыру щэхэр псэууэ кьэнащ.

Ауэ Магас а хэщIапIэр зэрыщыщIэр имыщIа хуэдэу жаIэхэр пщIыщ. А дыгъужьыгъуэр ильэси 6 и пэкIэ ящIащ. «Кавказ имаратым» ИнгушымкIэ жэуап щызыхь Тазиевым езым и блигущIэтхэм ящыгъэпщкIур имыщIэнкIэ Iэмал иIакъым.

Магас апхуэдэу хабзэхъумэхэм яжриащ Ингушыр мамыру нэгъэсэуным хущIэкъуэхэр нуклыну зэрамурадар. Абыхэм яхэт дин лэжьакIуэхэри. ЩIыналъэм щытыкIэр щызэIагъэхьэн хуейт сыт хуэдэ Iэмалкли. Абы папщIэ щысхьынытэкъым зыми.

«Моджахедхэм» иIэрыхьэ ахъшэр кьызэдикIри иБзыщIакъым. КьызэрыщIэкIамкIэ, нэгъэущI кьэралхэм я мызакъуэу, ар мылъкур зэхэзыдыгъуэ республикэ кьулыкъущIэхэми кьабгъэхьэ.

Магас щIиуфакъым «Алыхьым и заузлI» щIэхъуам, «джихьэдым» и гъэугум щIытеувам я щхьэусыгъуэхэри. Абы зэхэрмагъи хэльт. Тазиевыр щIэх-щIэхьыгъэ хэIэбэрт Iэщ, щыгъын, ерыскъы, транспорт кьащхэуным хуэхэа ахъшэм. Абы кьыхэкIыу Магас и мылкыр доллар мелуан зыбжанэм нэсащ.

Сытыфэ зытрамыгъэуами, и ныбжьэгъуу щутхэм мурад ящIащ епцIыжакIуэм хуамыгъэгъуну. ЩIэпхъаджащIэхэр хущIэкъуащ Тазиевым и жэр ирагъэубыдын папщIэ абы и Iыхьлыхэр ягъэшынэну.

Накъыгъэм и 3-м Назран и Гъунэм щыIэ Насыр-Корт щIыпIэм ФСБ-м и кьэщакIуэхэм тротил зэрыльэ банкI къащагъэутащ. Ар дагъэуват Тазиевым и анэмрэ и шыпхъэмрэ щIыпсэу унэм и пщIэнтIэм.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIэпхъаджащIэхэм Магас хъыбар ирагъэщIащ ахэр зэрищамкIэ зэрымыарзэшмкIэ. Армыкъэмэ, цIыхубзхэм фIэкIа щымыпсэу унэм и пщIантIэм лагъым щыдалъхьэн нэгъэущI щхьэусыгъуэ щыIэкъым.

Араши, мэзым кьуэш щызэхуэхъуахэм я закъуэшыгъэр мэкIуэдыж ахэр гуэзвэгъуэ зэрыхэхуэу.

«Дин пэжым» щIэбэнэжи я бзэр къэтIатэ лъэхъуэщым кьызэрыщIэхутэу. Я ныбжьэгъуэхэм апхуэдэхэр епцIыжакIуэу, хабзэхъумэхэм ядэлажьэу кьалъытэ. Апхуэдэ IэмалкIэ я гушыпIэхэр ягъэзэкIуэжыну хэтщ. А щIалэхэр апхуэдизу гуэзвэгъуэ хэтынтэкъым цIыхухэр зэтраукIэн мурад яIэу гъэугу бзаджэ темыувамэ.

ЩIэхум и напэр щIэтыр и макъыу фIымрэ захуагъэмрэ дыкъыхуеящ-джащ. Ар зимыIэм зиIэ хъунукъым Алыхьым и жьауэм щIэту.

ХАЛИДОВ Вистан.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Абыдэ Ахьмэд и цIэр зезыхьэ уэрам

Фэеплъ

Урысейм Тезырхэр ирегъэхъэхьыныкIэ и къулыкъым и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм ильэс 50-м щIигъукIэ щылэжьа, къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Абыдэ Ахьмэд и цIэр фIащащ Налшык къалэм и «Стрелка» хьэблэм щыIэ уэрамхэм ящыщ зым - ильэс 17-кIэ ин унафэщIу щыта УФ-м и ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэр зыт ет Газовэ уэрамым.

АБЫ ТЕУХУАУЭ мэремкIуам Iуэхущапсихэ и унафэщI полковник Федоров Василий я пашэу УФСИН-м и лъэныкъуэкIи, я IуэхущапIэм и дыхьэпIэм дежи щыIэ хуэсащ. Абы кьырихьэлIащ Абыдэ Ахьмэд и ныбжьэгъуэхэр, и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ, кьэралым дежи щIэ фIыщIэм, кьыхуащIа гулъытэм кьытеувыIащ.

Генерал-майор Абыдэ Ахьмэд КъБР-мкIэ УФСИН-м зэрыщыIэжьа ильэс 50-м щыщу 17-м я IэнатIэм и унафэщIу щытащ, нужьрей ильэсибгъум управленэр Урысейм и апхуэдэ IэнатIэхэм я нэхъыфIу кьаплъыта-хэм ящыщщ. Тезыр хэр щрагъэпшын IэнатIэм зегъэужьыным, абы щыгъэхэр кьызэрызэгъэпэщар егъэфIэкIуэным я льэныкъуэкIэ куэд зэфIигъэкIащ Абыдэм. КьинщэмэщщIауэ, ар хэтащ гъунэгъу республикэхэм кьыщыхьуа льэпкъ зэпэщIэувэныгъэ хэм икIи хахуагъэрэ лIыгъэрэ кьыщигъэльэгъащ. Абыдэ Ахьмэд Хахуагъэм и ордену тIу, «Хэкум и пащхьэ щIиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщ медалыр, МВД-м, ФСБ-м, ФСИН-м я тыгъэ льапIэ хэр, КъБР-м и Щ1ыхь тхьилъхэ кьыхуаГъэфэщащуэ, «КъБР-м щ1ыхь зиIэ и юрист» цIэ льапIэр кьыфIащауэ щытащ.

Урысейм тезырхэр ирегъэхьэныкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Управленэу Волгоград областым щыIэм и унафэщIу лажьэу (а кьулыкъум пэрыувауэ щытащ 2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм) Абыдэ Ахьмэд и ныбжьыр ильэс 53-м иту 2010 гъэм щ1ыщхьэIум и 26-м зэуэзэпсэу дунейм ехьжащ.

Абыдэ Ахьмэд и щыхькIэ уэрамым абы и цIэр зэрыфIащар зытет, блным фIэдза пхъэбгъум и тепхъуэр трихащ УФСИН-м щылажьэ, зи фэеплъыр ягъэльапIэм и къуэ Алим.

Апэу псалъэ зрата, тезырхэр егъэпшынныныкIэ IэнатIэм и ветеранхэм я тхьэмадэ **Пэгуфэ Мухьэмэд** псалъэ гуапэ куэд хужиIащ ныбжьэгъуфIу, лэжьэгъу пэжу, унэтIакIэ, унафэщI зиIэ и юрист- цIэ льапIэр кьыфIащауэ щытащ.

Урысейм тезырхэр ирегъэхьэныкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Управленэу Волгоград областым щыIэм и унафэщIу лажьэу (а кьулыкъум пэрыувауэ щытащ 2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм) Абыдэ Ахьмэд и ныбжьыр ильэс 53-м иту 2010 гъэм щ1ыщхьэIум и 26-м зэуэзэпсэу дунейм ехьжащ.

Абыдэ Ахьмэд и щыхькIэ уэрамым абы и цIэр зэрыфIащар зытет, блным фIэдза пхъэбгъум и тепхъуэр трихащ УФСИН-м щылажьэ, зи фэеплъыр ягъэльапIэм и къуэ Алим.

Апэу псалъэ зрата, тезырхэр егъэпшынныныкIэ IэнатIэм и ветеранхэм я тхьэмадэ **Пэгуфэ Мухьэмэд** псалъэ гуапэ куэд хужиIащ ныбжьэгъуфIу, лэжьэгъу пэжу, унэтIакIэ, унафэщI щIэныгъэ зэхьхьэм и ехьулIэныгъэхэм я мызакъуэу, ар мылъкур зэхэзыдыгъуэ республикэ кьулыкъущIэхэми кьабгъэхьэ.

Магас щIиуфакъым «Алыхьым и заузлI» щIэхъуам, «джихьэдым» и гъэугум щIытеувам я щхьэусыгъуэхэри. Абы зэхэрмагъи хэльт. Тазиевыр щIэх-щIэхьыгъэ хэIэбэрт Iэщ, щыгъын, ерыскъы, транспорт кьащхэуным хуэхэа ахъшэм. Абы кьыхэкIыу Магас и мылкыр доллар мелуан зыбжанэм нэсащ.

Сытыфэ зытрамыгъэуами, и ныбжьэгъуу щутхэм мурад ящIащ епцIыжакIуэм хуамыгъэгъуну. ЩIэпхъаджащIэхэр хущIэкъуащ Тазиевым и жэр ирагъэубыдын папщIэ абы и Iыхьлыхэр ягъэшынэну.

Накъыгъэм и 3-м Назран и Гъунэм щыIэ Насыр-Корт щIыпIэм ФСБ-м и кьэщакIуэхэм тротил зэрыльэ банкI къащагъэутащ. Ар дагъэуват Тазиевым и анэмрэ и шыпхъэмрэ щIыпсэу унэм и пщIэнтIэм.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIэпхъаджащIэхэм Магас хъыбар ирагъэщIащ ахэр зэрищамкIэ зэрымыарзэшмкIэ. Армыкъэмэ, цIыхубзхэм фIэкIа щымыпсэу унэм и пщIантIэм лагъым щыдалъхьэн нэгъэущI щхьэусыгъуэ щыIэкъым.

Араши, мэзым кьуэш щызэхуэхъуахэм я закъуэшыгъэр мэкIуэдыж ахэр гуэзвэгъуэ зэрыхэхуэу.

«Дин пэжым» щIэбэнэжи я бзэр къэтIатэ лъэхъуэщым кьызэрыщIэхутэу. Я ныбжьэгъуэхэм апхуэдэхэр епцIыжакIуэу, хабзэхъумэхэм ядэлажьэу кьалъытэ. Апхуэдэ IэмалкIэ я гушыпIэхэр ягъэзэкIуэжыну хэтщ. А щIалэхэр апхуэдизу гуэзвэгъуэ хэтынтэкъым цIыхухэр зэтраукIэн мурад яIэу гъэугу бзаджэ темыувамэ.

ЩIэхум и напэр щIэтыр и макъыу фIымрэ захуагъэмрэ дыкъыхуеящ-джащ. Ар зимыIэм зиIэ хъунукъым Алыхьым и жьауэм щIэту.

ХАЛИДОВ Вистан.

Сурэтхэр **ЕлЪКЪАН Артур** *трихащ.*

Iуэху еплъыкIэ

Я напэр ящэж

Пэкlу

УсакIуэр ягу къагъэкIыж

Балъкъэр литературэм и уэзщIакIуэ Кулиев Къайсын дунейм щехыжа махуэм прихьэлIэу абы и фэеплъым деж, Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, щекIуэкIа пэкIум щыхуэхъуэсат: Парламентым и депутатхэр, республикэм и министерствахэмрэ ведомствахэмрэ я лэжьакIуэхэр, Абхъаз Республикэм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ хьэщIэхэр, КъБР-м и Iэкlуэ хэм я зэгухьныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Бегиев Абдуллах, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм щыщхэр, усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэм дихьэхэр. Абыхэм уэрэд гъэгъахэр фэеплъым трагъхьащ.

АХЭР тепсэльыхьащ Кулиевым и Iэдакъэщ1экIэм яхэль къарум, и псальэхэр цIыхум я деж зэрынэсым, лъэпкъ щэнхабзэм зэрыригъэжьам.

Пэкlум къыщыпсалъащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ Власов Александр, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубз усакIуэ Созаев Ахьмэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъу Уянаевэ Аминат, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Улябашев Азнор, КъБКъУ-м и профессор Эфендиев Сэлих, усакIуэ Моттаевэ Светланэ сымэ, нэгъэущIэхэр. Абыхэм я псальэм къыхагъэщащ Кулиевым и тхьэгъэзэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ зэрыщIигъэлъапIэр. Апхуэдэ гупсысэрщ тхакIуэр лъэпкъ зэхуэмыдэжэм пэгъунэгъу зыщIар.

